

# **Se yon bagay fondamantal: Si moun k ap pare pou travay yo jwenn pi bon edikasyon nan Miami-Dade sa ap mennen nan kwasans ekonomik**

*SA SE OPINION MADELINE PUMARIEGA, PREZIDAN MIAMI DADE COLLEGE AND RODRICK T. MILLER, PREZIDAN AK PDG MIAMI-DADE BEACON COUNCIL*

The Miami Herald, 18 AVRIL, 2024

Nan fòmasyon n ap bay moun k ap pare pou travay an 2040 yo, edikasyon se kle pou bati yon sosyete k ap pwospere. Se pou rezon sa a Academic Leaders Council (ALC) atravè Opportunity Miami, ki se yon inisyativ Miami-Dade Beacon Council, fikse yon gwo objektif: ogmante kantite granmoun ki gen yon diplòm asosye oswa yon nivo ki pi wo soti 45.5 poustan jodi a rive 65 poustan an 2040 - swa yon ogmantasyon 20 poustan sou 16 pwochen lane yo. Moun ki fè pati ALC a se yon seri lidè moun gen respè pou yo nan kesyon edikasyon ki soti nan sis gwo inivèsite nan Miami - Miami Dade College, Florida International University, University of Miami, Florida Memorial University, St. Thomas University, Barry University, ansanm ak Direktè Lekòl Piblik yo nan Miami-Dade.

Majistra Miami-Dade la Daniella Levine Cava, ki se prezidan Opportunity Miami tou, mete aksan sou lefètke inisyativ sa a gen pou objektif redui diferans nan revni yo, favorize mobilite sosyal epi fòme moun k ap pare pou travay yo sa ki pral atire, kenbe epi favorize kwasans antrepriz k ap fè inovasyon nan kominate nou an. Nou konnen edikasyon ak devlopman talan se nouvo pyès monnen an nan devlopman ekonomik e yo fè pati zouti ki pi efikas pou ankouraje mobilite sosyal endividiyèl. E pandan Miami ap mennen nan anpil domèn, nou lwen dèyè nan nivo nasyonal a 54.3 poustan e pou Florida se 54.5 poustan anrapò ak endikatè enpòtan sa a.

Nou konnen nan ekonomi modèn nan kote se konesans k ap mennen, konesans gen pouvwa pou l kreye opòtinite, e nivo etid ou gen yon rapò dirèk ak revni ak pwosperite.

Daprè Florida College Access Network, yon moun ki gen yon diplòm asosye ap fè plis pase \$70,000 pa ane an konparezon ak \$35,400 pou yon diplòm segondè. Salè mwayen pou yon moun ki gen yon lisans se prèske \$90,000.

Pou Miami, devlopman talan se yonn nan prensipal mwayen pou redui diferans nan opòtinite ak revni pou zòn metropolitèn nan. Yon eleman esansyèl nan devlopman talan se fè patenarya ak biznis yo pou garanti ke etablisman ansèyman siperyè yo pwodui diplòm ki awopriye ki koresponn ak bezwen mache travay la.

Nan Miami, plis pase matye nan abitan yo pa fèt Ozetazini, e plis pase uit sou dis nan abitan Miami-Dade yo jodi a se Panyòl oswa Nwa. Miami an jeneral ka bay yon mendèv san parèy nan emisfè a - se yonn nan avantaj se sèl nou ki posede l e antrepriz yo deja konn sa.

Sepandan, gen kèk gwo diferans selon katye yo e ant gwoup rasyal ak etnik yo. Pa egzanp, 65 poustan nan abitan blan ki pa Panyòl nan Miami-Dade gen diplòm asosye oswa nivo ki pi wo konpare ak 40 poustan nan Panyòl yo ak 30 poustan nan abitan Nwa yo.

Yon mendèv ki kalifye e ki divèsifye ap antrene inovasyon epi sa ap ede atire pi gwo envestisman nan biznis. Miami se deja yon kote ki atiran pou biznis pou yon pakèt rezon. Yon mendèv ki byen fòme ak abitan ki soti divès kote tankou pa nou an vle di nou pap gen pwoblèm pou adapte nou ak yon ekonomi k ap evolye epi n ap pi byen pozisyone sou mache mondal la. Li enpòtan pou nou kontinye envesti epi bati pwòp talan nou. Miami-Dade deja fè kèk gwo pwogrè nan domèn sa yo. Atravè Future Ready Scholarship la, nenpòt abitan Miami-Dade k ap antre nan inivèsite pou premye fwa ka jwenn yon diplòm asosye san frè skolarite.

Vil Miami Gardens lanse City University Partnership ansanm ak St. Thomas University, Florida Memorial University ak Miami Dade College, ki la pou fè sansibilizasyon ak opòtinite nan edikasyon epi amelyore konpetans abitan yo gras ak pwogram pou pèfeksyone konpetans. Lekòl Piblik Miami-Dade yo, antretan, gen 11,000 etidyan ki enskri nan doub pwogram nan kolèj ak inivèsite.

Yo pa gen obligasyon sèlman pou amelyore kantite total abitan k ap gen diplòm nan kolèj, men pou yo fè sa nan chak katye nan kominate a. Yo dwe retire tout baryè. Sa gen ladann frè skolarite yo, deplasman, swen timoun ak sansibilizasyon ak enpòtans edikasyon.

Nou bay yon plan nan Talent Goals Report pou 2040 sou opportunity.miami/talent-goals e ou ka eksplor vizyon dirijan nou yo plis toujou nan tèks manb ALC yo ekri a, Essays on our Future.

N ap travay san kanpe pou n bati yon ekonomi ki dirab, enklizif ak konpetitif - e talan se yon eleman esansyèl nan kwasans ekonomik Miami an jeneral. Objektif nou gen anpil anbisyon e pou nou rive atenn ni sa pral mande patisipasyon tout kominate a.

Madeline Pumariega se Prezidan Miami Dade College. Rodrick T. Miller se Prezidan ak PDG Miami-Dade Beacon Council.

Li plis sou sa nan:

<https://www.miamiherald.com/opinion/article287793045.html#storylink=cpy>